

Enfòmasyon ki Enpòtan pou Fanmi ki Imigran yo Konnen Sou Medicaid ak CHIP

Medicaid ansanm ak Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP) nan kapab founi asirans sante gratis oubyen aba pri pou ou menm ak fanmi ou. Ou pa riske anyen lè w aplike pou pwoteksyon Medicaid ak CHIP la.

Si w gen moun ki imigran nan fanmi w, men kèk enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen:

- Medicaid Eta a ansanm ak ajans CHIP yo kapab sèlman kolekte, itilize ak divilge enfòmasyon ki nesesè yo pou moun k ap aplike pou pwoteksyon an.
- Ou p ap janm gen pou pataje enfòmasyon sou sitwayènnte ak enfòmasyon sou estati imigrasyon pou manm nan fanmi w ki p ap aplike pou pwoteksyon an. Sou aplikasyon w lan, ou kapab idantifye manm nan fanmi w ki p ap aplike pou pwoteksyon an kòm "non-applicants" (moun ki p ap aplike).
- Medicaid ansanm ak CHIP gen yon seri mezi pwoteksyon solid pou pwoteje vi prive yo mete an plas pou pwoteje enfòmasyon w ak enfòmasyon fanmi w. Yon moun k ap ede fanmi w aplike pou pwoteksyon an dwe swiv yon seri règleman ki estrik pou pwoteje vi prive fanmi w. Pami moun sa yo, w ap jwenn anplwaye Medicaid ak CHIP yo, navigatè, konseye aplikasyon ki sètifye, ajan, koutye ansanm ak reprezantan sant apèl yo.
- An jeneral, lè w aplike pou avantaj Medicaid oswa CHIP yo oswa lè resevwa yo, oubyen lè w benefisyè ekonomi pou depans pou asirans sante yo nan Mache a, sa pa konte nan yon tès "public charge" (chaj piblik). Sa p ap afekte posiblite yon moun genyen pou l vin yon Rezidan Pèmanan ki Legal. Pa gen tès chaj piblik pou sitwayènnte.
 - Sèl grenn eksepsyon ki genyen an se pou moun k ap resevwa swen alontèm nan yon enstitisyon kote depans yo sou kont gouvènman an, tankou yon mezon retrèt. Moun sa yo ka gen difikilte pou yo jwenn yon kat rezidans (green card).
 - Yo pa konsidere plasman nan yon enstitisyon pandan peryòd reyadaptasyon kout yo lè y ap detèmine yon chaj piblik.
 - Yo pa konsidere avantaj CHIP yo lè y ap detèmine yon chaj piblik nan kèlkeswa sikonstans lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **1-877-KIDS-NOW (1-877-543-7669)** oswa ale nan seksyon ki make "**Find Coverage for Your Family**" (**Jwenn Pwoteksyon pou Fanmi Ou**) ki sou sitwèb **InsureKidsNow.gov**. Si ou menm oswa yon moun nan fanmi pa pale, li, ekri, oubyen pa konprann Anglè, gen sèvis pou lang gratis ki disponib pou nou.



InsureKidsNow.gov